# Qanlıkól rayonı Jayhun MPJ aymaǵındaǵı kóshege jańadan asfalt tóselmekte




Qanlıkól rayonı aymaǵında “Abat awıl” hám “Abat mákan” baǵdarlamalarına kirgizilgen ishki xojalıq jollarında ońlaw jumısları alıp barılmaqta.
 Bıyılǵı jılda rayon aymaǵındaǵı mákan puqaralar hám awıl puqaralar jıyınları aymaqlarındaǵı ishki jollarda ońlaw jumısların alıp barıw ushın 3 120 mln swm muǵdarında qarjı ajıratılǵan bolıp, ońlaw hám tegislew, qara qaplama hám asfalt tósew jumısları Taqıyatas jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen alıp barılıp atır.
Rayondaǵı «Qanlıkól» APJ hám «Jayxun» MPJ aymaqlarındaǵı bir qatar kóshelerde búgingi kúnde ońlaw hám abadanlastırıw jumısları qızǵın túrde júrgizilmekte.
Házirgi waqıtta Jayxun MPJ aymaǵındaǵı 71,1 avtomobil jolı tegislenip, asfalt tóselip atır.

**Qaraqalpaqstan Respublikası Avtomobil jolları aymaqlıq bas basqarması rásmiy kanalı**